

RÈGLEMAN

Asistans Finansyè

Tabmatyè

1	Objektif	2
2	Sijè ki Abòde	3
3	Definisyon yo	3
4	Règleman	4
4.1	Kritè Elijiblite pou Asistans Finansye.....	4
4.2	Lè ou ap Aplike pou Asistans Finansye.....	6
4.3	Detèminasyon sou Elijiblite pou Jwenn Asistans Finansyè	9
4.4	Prezante yon Kontestasyon Kont yon Refi pou Asistans Finansyè	9
4.5	Elijiblite Sipoze	10
4.6	Kantite Lajan Bòdwo Pasyan yo	10
4.7	Pratik ak Règleman Koleksyon	10
4.8	Bay Enfòmasyon sou Pwogram Asistans Finansye a Bay Pasyan yo ak nan Kominote a.....	11
4.9	Egzijans Rèlemantè yo.....	111
5	Ranfòsman ak Eksepsyon yo	111
6	Referans yo	111
7	Dokiman Siplemanchè yo	122
7.1	Dokiman Siplemanchè A:.....	122
7.2	Dokiman Siplemanchè B:.....	122

Yo bay règleman sa a kòm yon gid jeneral pou Piedmont Healthcare. Li pa englobant epi li pa yon ranplasman pou sèvi avèk jijman klinikal ak fòmasyon onivo endividyèl ki baze sou sikonstans chak pasyan.

1 Objektif

Piedmont Healthcare Corporation (PHC) angaje pou trete tout pasyan nan yon fason ekitab, avèk diyite, respè, ak konpasyon. Poutèt sa a, ak pou konprann ke gen kèk pasyan yo ki p ap kapab peye bòdwo yo poutèt pwoblèm finansye, PHC pral ede moun sa yo ki pa kapab peye pou swen yo lè yo pwolonje asistans finansye pou pasyan yo ki kalifye, dapre règleman an yo dekri anba a. Nan lòd pou PHC aplike règleman sa a nan yon baz san patipri ak kontinyèlman, pasyan yo ak fanmi yo oblije bay enfòmasyon apwopriye ak alè. Apre sa, yo pral rele pwogram sa a Pwogram Asistans Finansyè PHC (PHC Financial Assistance Program, FAP).

Dapre Lwa a sou Swen Abòdab (Affordable Care Act, ACA), yo p ap chaje okenn pasyan ki elijib pou asistans finansye selon règleman PHC sou asistans finansye plis lajan pou swen dijans oswa pou swen ki medikalman nesese ke kantite lajan an yo konn nòmalmman chaje (amount generally billed, AGB) pasyan yo ki gen asirans. Yo p ap chaje tout pasyan yo ki kalifye pou asistans finansye nan men Piedmont Healthcare, al dapre règleman sa a, okenn chaj pou swen ki medikalman nesese pandan peryòd tan an pouki yo te bay asistans lan.

Jan yo dekri li plis anba a, règleman asistans finansye sa a:

- Gen ladan kritè elijiblite pou asistans finansye.
- Dekri metòd pasyan yo itilize pou aplike pou asistans finansye.
- Dekri pwosesis la yo itilize pou detèmine asistans finansye, pwosesis kontestasyon an ak elijiblite sipoze.
- Dekri fason PHC pral pibliye règleman an onivo kominote yo chak enstalasyon PHC sèvi.
- Gen yon lis sou pwofesyonèl swen sante yo nan PHC ki patisipe nan ak ki pa patisipe nan règleman asistans finansye nou, nan Dokiman Sipleman A ak B.
- Dapre egzijans lalwa, lopital PHC ak doktè yo ki travay pou PHC toujou angaje pou sèvi bezwen kadijans tout pasyan yo, kèlkeswa kapasite pasyan yo pou peye.
- PHC pral konfòme avèk lwa ak regilasyon federal ak eta yo ki gen rapò avèk sèvis medikal kadijans, asistans finansye pou pasyan, ak swen charite, ki gen ladan men pa limite nan Seksyon 1867 nan Lwa Sekirite Sosyal la ak Seksyon 501(r) nan Kòd Enpo sou Revni Entèn (Internal Revenue Code) lan.

2 Sijè ki Abòde

Règleman sa a pale sou tout lopital Piedmont Healthcare ak doktè yo ki travay pou yo.

3 Definisyon yo

Kantite lajan an yo konn chanje nòmalmman (Amounts Generally Billed, AGB) – Pousantaj ranbousman mwayèn lan Medicare ak konpayi Komèsyal / Swen Kontwole yo resevwa pou sèvis faktire yo PHC bay.

Sèvis Elijib – Sèvis yo ki elijib dapre règleman sa a gen ladan (1) sèvis medikal kadijans yo bay nan yon anviwònman chanm dijans, (2) sèvis obligatwa yo (ki pa ochwa) yo bay pou reponn ba sikonstans yo k ap menase lavi nan yon anviwònman ki pa yon chanm kadijans, ak (3) lòt sèvis yo ki medikalman nesèsè (Gade definisyon anba a).

Swen dijans – Swen imedyat ki nesèsè pou anpeche mete lavi ak sante pasyan an nan danje grav, domaj grav ki gen rapò avèk fonksyon kòporèl, ak / oswa grav malfonksyònman nan nepòt ògàn oswa pati kòporèl yo.

Aksyon ekstraòdinè pou koleksyon – Yon lis sou aktivite koleksyon, jan IRS la ak Depatman Trezò a defini li, ke òganizasyon swen sante yo kapab fè demach pou jwenn peman pou swen, apre yo fin fè efò rezonab yo pou detèmine si wi ou pa endividyèl la kalifye pou asistans finansye. Epiou yo defini aksyon sa yo plis nan Seksyon 4.7 nan règleman sa a epi yo mete ladan aksyon yo tankou rapòte enfòmasyon move bay biwo kredi / ajans rapòtaj yo, ak aksyon legal / jidisyè yo tankou sezi revni.

Asistans finansye – sèvis swen sante yo bay moun yo ki pa gen asirans ki satisfè kondisyon kritè PHC pou asistans finansye ak ki pa kapab peye pou sèvis yo ki medikalman nesèsè PHC ak doktè PHC yo bay.

Chaj brit yo – Chaj total yo nan to etabli okonplè òganizasyon an pou bay sèvis swen pasyan anvan yo aplike ajisteman kontra ak / oswa rabè yo.

Peyè – endividyèl la ki responsab pou peye bòdwo pasyan an; sa a kapab pasyan an oswa yon lòt endividyèl.

Kay– gwosè kay la ki gen ladan tout moun yo ki rete nan inite lojman an epi sèvi avèk li kòm kote nòmral la yo abite, epi yo sèvi avèk li pou detèmine Nivo Povrete Federal (Federal Poverty Level, FPL) pasyan an. Manm yo nan kay la dwe konsidere lakay la kòm rezidans pèmanan yo.

Sèvis yo ki medikalman nesèsè – Sèvis yo bay yon pasyan nan lòd pou dyagnostike, soulaje, korije, geri oswa anpeche kòmansman oswa ogmante gravite kondisyon yo ki mete lavi nan danje, se lakòz soufrans oswa doulè, se lakòz defòmasyon oswa disfonksyonman, menase pou vin lakòz oswa ogmante gravite yon enfimite, oswa rezilta nan yon maladi oswa enfimite anjeneral, epi pa gen okenn lòt tretman ki pi konsèvatif oswa pi abòdab ki disponib oswa apwopriye pou moun an k ap mande pou sèvis la.

Yo pa konsidere sèvis ak pwosedi ochwa, prevantif ak / oswa woutin yo kòm Sèvis Elijib yo. Lòt sèvis medikal yo pa mete ladan Sèvis Elijib yo se pwosedi kozmetik, sèvis fètilite, sante global ak egzekutif, sante okipasyonèl ak sèvis detay, ak lòt sèvis yo ki deja gen yon aranjman pri / pake global. Sa a se pa yon lis konpreyansif epi PHC kapab fè modifikasyon nenpòt lè.

Si gen okenn kesyon sou nesèsite medikal, se Ofisye Medikal Anchèf enstalasyon an ki fè detèminasyon final la sou si wi ou pa yo konsidere swen medikal kòm swen ijan ak / oswa swen ki medikalman nesèsè. PHC pral respekte tout nòm yo dapre egzijans Lwa a sou Tretman Kadijans Medikal ak Travay Aktif (Emergency Medical Treatment and Active Labor Act, EMTALA) la.

Nivo Povrete Federal (Federal Poverty Level, FPL) – Limit sou revni kay aplikab Depatman Lasante ak Sèvis Imen Etazini a te etabli detanzantan nan Rejis Federal la dapre otorite a nan 42 U.S.C.~9902(2).

Elijiblite Sipoze – Pwosesis la selon PHC kapab sèvi avèk enfòmasyon ki soti nan men sous yo apatide endividyèl la pou detèmine elijiblite pou asistans finansye, ak / oswa sèvi avèk detèminasyon sou elijiblite ansyen yo.

Moun yo ki pa gen asirans – Pasyan yo ki pa gen asirans oswa asistans yon twazyèm pati pou ede yo rezoud responsablite finansye ba pwofesyonèl swen sante yo.

4 Règleman

PHC pral ede moun sa yo ki pa kapab peye pou swen yo lè yo pwolonje asistans finansye pou pasyan yo ki kalifye, dapre kritè yon nan règleman sa a.

4.1 Kritè Elijiblite pou Asistans Finansye

Pasyan yo ki pa gen asirans epi ki gen yon revni kay ki se 300% oswa mwens pase sa dapre Direktiv Nivo Povrete Federal (FPL) yo, selon tablo anba a kapab resevwa asistans finansye (yon rabè 100%).

Lè y ap detèmine elijiblite yon pasyan, PHC pa konsidere ras, sèks, laj, oryantasyon seksyèl, afilyasyon relijye oswa sitistasyon imigran.

Direktiv Nivo Povrete Federal 2016

Kantite Moun yo nan Fanmi a / Kay la	Direktiv povrete yo
1	\$11,770
2	\$15,930
3	\$20,090
4	\$24,250
5	\$28,410
6	\$32,570
7	\$36,730
8	\$40,890

Pou fanmi / kay yo ki gen plis pase 8 moun ladan, ajoute \$4,160 pou chak moun adisyonèl.

PHC pral ede pasyan yo, lè yo sèvi avèk vandè ekstèn yo, lè y ap chèche jwenn avantaj yo ki soti nan men Medicaid Eta Georgia oswa Sekirite Sosyal Administrasyon. Li enpòtan anpil ke pasyan yo, oswa peyè pasyan yo, konfòme avèk pwosesis aplikasyon an pou Medicaid ak / oswa SSI Eta Georgia. Yo pral refize moun yo ki pa kopere asistans finansye PHC.

Epitou vandè ekstèn yo kapab ede nan ranpli oswa soumèt aplikasyon an pou asistans finansye. Yo dwe fè yon detèminasyon final sou disponiblite Medicaid ak / oswa avantaj SSI Eta Georgia yo anvan PHC pran desizyon final li sou bay asistans finansye.

4.2 Lè ou ap Aplike pou Asistans Finansye

Se règleman PHC pou trete aplikasyon yo pou asistans finansye sou yon baz eksepsyon. Yo pral evalye tout pasyan yo avèk yon verifikasyon elektwonik sou rapò demografik ak kredi yo pou detèmine revni famiyal, kantite moun ki rete nan yon kay ak tandans yo pou peye. Yo pral sèvi avèk kritè sa a pou detèmine elijiblite pasyan an pou resevwa asistans finansye. Yo kapab soumèt yon aplikasyon alekri (fòmilè) ak tout dokimantasyon sipòtif yo si yo pa apwouve yon pasyan atravè pwosesis evalyasyon elektwonik la.

Yo kapab jwenn aplikasyon alekri (fòmilè) yo nan:

1. Sit wèb: <http://www.piedmont.org/patient-tools/bill-pay>
2. Nan zòn admisyon / enskripsyon yo nan tout Piedmont Hospital yo.
3. Lè yo rele Sant Solisyon Kliyan an nan nimewo 855-788-1212
4. Lè yo mande pou yon kopi atravè lapòs Ameriken an, lè yo voye li bay adrès annapre a:

Customer Solutions Center
Piedmont Healthcare
2727 Paces Ferry Road
Building 2, Fifth Floor
Atlanta, GA 30339

Tout aplikan yo dwe bay prèv sou revni kay yo lè yo mete ladan enfòmasyon annapre a avèk aplikasyon an. Nan lòd pou trete aplikasyon an pou jwenn asistans finansye konplètman (pa egzanp, jiska yon jwenn yon detèminasyon), yo dwe soumèt aplikasyon an ak tout dokiman asosye yo okonplè epi tou ranpli.

Pou jwenn aplikasyon yo pou asistans finansye, tanpri pote orijinal la oswa kopi sètifye nan dokiman annapre yo:

- Idantifikasyon ki gen Foto – Lisans Chofè Eta a, Kat Idantifikasyon Eta a, Paspò, oswa nenpòt idantifikasyon konsila oswa lekòl ki gen foto .
- Viza oswa Kat Alien Residans (si li aplikab)
- Prèv sou Rezidans – Yo egzije youn nan twa nan annapre yo k ap montre adrès lari aktyèl la pou montre prèv sou rezidans:
 - Ant youn ak twa bòdwo sèvis piblik tankou bòdwo kouran, bòdwo gaz, bòdwo dlo, bòdwo telefòn
 - Kontra afèmaj
 - Resi lwaye k ap montre adrès aktyèl ou
 - Lèt sou kupon pou achte manje
 - Kat Enskripsyon Votè
 - Lòt dokiman biznis yo k ap verifye kote ou rete, tankou: deklarasyon kat kredi, IRS, lèt Medicaid, lèt elèv ki soti nan men lekòl yo, bòdwo televizyon kab, bòdwo telefòn selilè, deklarasyon labank, deklarasyon ipotèk, souch chèk yo k ap montre adrès ou, elatriye.

- REMAK: Yon bwat lapòs (P.O. Box) Pa montre prèv sou adrès.
- Prèv sou Revni, youn nan annapre yo:
 - Twa souch chèk aktyèl (pasyan ak patnè)
 - Reklamasyon sou Chomaj, Ankèt Depatman Travay sou Salè (fòmilè WG-15)
 - Kopi nan deklarasyon labank pandan dènye twa mwa yo si ou ap viv sou lajan ekonomi ou
 - Yon lèt ki soti nan men anplwayè ou sou antèt konpayi a k ap konfime dat ou te kòmanse travay, ke ou aktyèlman ap travay, k ap deklare lajan an ou touche chak èdtan, kantite lajan total la yo peye pou chak peryòd epi konbyen fwa ou peye li
 - Nenpòt lèt desizyon k ap endike pasyan an ap resevwa konpansasyon chomaj, Medicaid, peman enfimite Sekirite Sosyal, Asistans Jeneral, elatriye.
 - Lèt sou kupon pou achte manje ak souch chèk
 - Verifikasyon sou sitiyaasyon sanzabri oswa yon lèt ki soti nan men yon shèltè (abri pou moun sanzabri) yo ekri nan antèt konpayi a
 - Lòt dokiman biznis k ap montre jan pasyan an ap jwenn sipò.
- Prèv sou kantite moun depandan yo – yo egzije youn nan annapre yo:
 - Deklarasyon taks sou revni pou ane pase a ki gen siyati (pi resan an)
 - Okenn lèt desizyon k ap endike ke pasyan an gen yon responsablite legal pou timoun an, tankou, papyè gadyen legal oswa papyè gadavi yon tribinal te òdone.
 - Batistè pou chak timoun ki gen laj 18 an oswa ki pi jèn

Si paran yo pa gen enfòmasyon egzije a pou ranpli aplikasyon an, bay dokimantasyon sipòtif, oswa pa konnen ki kote pou yo jwenn li, yo kapab kontakte konseye finansye nou yo ki kapab bay yo yon ti konsèy. Tanpri rele Ekip Asistans Finansyè nou nan nimewo 855-788-1212.

Yo dwe resevwa aplikasyon yo nan lespas 245 jou depi ou te resevwa premye deklarasyon PHC ou pou Sèvis Elijib. Si ou echwe pou satisfè kritè yo endike anwo a, sa a sèvi kòm yon baz pou yo refize ou jwenn asistans finansye. Si gen pati nan aplikasyon an ou pa ranpli, ak / oswa dokimantasyon sipòtif obligatwa a ou pa soumèt, ou dwe bay enfòmasyon obligatwa a nan lespas trant (30) jou sivil depi dat notifikasyon an, oswa yo pral refize aplikasyon an.

4.3 Detèminasyon sou Elijiblite pou Jwenn Asistans Finansyè

Yo pral detèmine elijiblite pou asistans finansye baze sou yon evalyasyon endividyèl sou bezwen finansye. Pwosedi sa a gen ladan yon pwosesis aplikasyon, kote pasyan an oswa peyè pasyan an oblije bay dokimantasyon pèsònèl, finansye ak lòt dokimantasyon nesèsè pou yo fè yon detèminasyon sou bezwen finansye.

Si yon pasyan ki pa gen asirans, oswa peyè asosye yo, pa gen ase revni oswa resous pou peye bòdwo yo ki poko peye pou Sèvis Elijib yo, pasyan an oswa peyè sa a kapab mande pou asistans finansye. Yo baze disponiblite asistans finansye sou kritè elijiblite a nan règleman sa a.

PHC pral pran yon desizyon sou yon aplikasyon pou asistans finansye ki tou ranpli pa plis pase trant (30) jou sivil depi yo te resevwa aplikasyon ranpli a ak tout dokimantasyon sipòtif obligatwa yo. Si yo vin apwouve pou asistans finansye PHC, PHC pral kontakte pasyan an nan telefòn ak / oswa pa lapòs epi y ap idantifye dat elijiblite yo.

Yo pral notifiye endividyèl la k ap mande pou asistans finansye a si gen enfòmasyon ki manke oswa ki pa t konplete. Yo pral voye yon lèt bay aplikan an nan lespas senk (5) jou biznis k ap idantifye aplikasyon yo ki pa konplete oswa dokimantasyon sipòtif obligatwa yo ki manke.

Yo pral voye pasyan yo te refize pou resevwa asistans finansye yon lèt k ap bay detay rezon an pou refi a, nan lespas senk (5) jou biznis depi yo te pran desizyon an tou. Pasyan an gen trant (30) jou sivil pou prezante yon kontestasyon kont desizyon an, ak bay nenpòt enfòmasyon sipòtif kòm enfòmasyon sipleman tè nan aplikasyon li pou resevwa apwobasyon pou asistans finansye.

4.4 Prezante yon Kontestasyon Kont yon Refi pou Asistans Finansyè

Lè yo refize bay pasyan yo asistans finansye, pasyan yo kapab prezante yon kontestasyon kont detèminasyon sa a lè yo kontakte Sant Solisyon Kliyan an, nan nenpòt fason yo dekri anba a.

1. Voye li nan imèl bay: assistance@piedmont.org
2. Lè yo rele Sant Solisyon Kliyan an nan nimewo 855-788-1212
3. Lè yo voye li pa lapòs Ameriken, bay adrès annapre a:

Customer Solutions Center
Piedmont Healthcare
2727 Paces Ferry Road
Building 2, Fifth Floor
Atlanta, GA 30339

Yo pral konsidere tout kontestasyon yo nan lespas dis (10) jou biznis depi yo te resevwa li, epi yo pral rele aplikan an pou yo bay detay sou detèminasyon final la nan lespas senk (5) jou biznis annapre yo. Yo pral voye yon lèt bay aplikan an nan lespas senk (5) jou biznis.

Konseye finansye disponib pou bay asistans avèk pwosesis aplikasyon an pou resevwa asistans finansye, oswa pou ede ou avèk yon aplikasyon yo te refize. Konseye finansye PHC yo disponib nan sit tout lopital yo, oswa pasyan yo kapab rele Sant Solisyon Kliyan an lè yo rele nimewo 855-788-1212.

4.5 Elijiblite Sipoze

Apatide evalyasyon an sou elijiblite nan yon fòmilè aplikasyon pou resevwa asistans finansye yo dekri nan seksyon 4.3 anwo a, yo kapab sipoze pasyan yo kòm elijib tou (“elijiblite sipoze”) pou resevwa asistans finansye baze sou prèv la yo te bay lè yo te sèvi avèk yon zouti evalyasyon twazyèm pati, kèlkeswa sitiyaasyon asirans yo. Pou kalifye pou asistans finansye dapre elijiblite sipoze, pasyan an dwe gen yon nivo povrete federal ki pa pi wo pase 300%. Enfòmasyon an yo jwenn nan yon zouti evalyasyon twazyèm pati pral ede yo verifye sitiyaasyon finansye pasyan an epi yo kapab sèvi avèk li kòm sèl sous dokimantasyon an pou fè yon detèminasyon pou asistans finansye.

Pasyan yo ki kalifye pou resevwa asistans finansye atravè elijiblite sipoze pwoteje pou sèvis yo baze sou yon baz kont endividyèl. Moun yo ki pa kalifye pou jwenn asistans finansye atravè pwosesis elijiblite sipoze a kapab kalifye atravè pwosesis aplikasyon nòmal la, jan yo detaye li nan Seksyon 4.2.

4.6 Kantite Lajan Bòdwo Pasyan yo

Yo p ap janm voye bòdwo pou chaj brit yo bay yon pasyan yo te apwouve pou resevwa asistans finansye. Pou pasyan yo ki pa gen asirans, rabè a pou asistans finansye se 100% nan chaj brit yo aplike pou Sèvis Elijib. PHC sèvi avèk metòd “revizyon an” lè y ap kalkile kantite lajan bòdwo jeneral yo (AGB). Lè ou rele Ekip Asistans Finansye a nan nimewo assistance@piedmont.org, se yo menm ki pral bay ou detay siplemantè konsènan kalkil AGB.

4.7 Pratik ak Règleman Koleksyon

Aplikan yo te apwouve pou resevwa asistans finansye pral egzante nan tout demach koleksyon yo ki gen rapò avèk kont yo ki poko peye ki tonbe nan delè apwobasyon nan lespas uit (8) mwa. PHC pral voye nenpòt kont yo te apwouve pou asistans finansye bay yon ajans koleksyon oswa rapòte li bay yon biwo kredi. Yo pral aplike demach koleksyon nòmal yo nan kantite lajan an ki dwe sou kont la ki pa nan delè uit (8) mwa a pou apwobasyon, dapre jan yo detaye li nan

règleman PHC yo sou Faktirasyon ak Koleksyon. Tanpri li règleman sa a pou jwenn plis enfòmasyon detaye.

PHC p ap pral enpoze okenn demach koleksyon tankou sezi revni, dwa privilèj sou kay prensipal oswa lòt demach legal yo kont okenn pasyan / peyè, san yo pa premyèman pran aksyon rezonab pou detèmine si wi ou pa pasyan an elijib pou asistans finansye dapre règleman sa a.

4.8 Bay Enfòmasyon sou Pwogram Asistans Finansye a Bay Pasyan yo ak nan Kominote a.

Se chak enstalasyon Piedmont Healthcare ki pral bay notifikasyon sou pwogram asistans finansye PHC la, epi li pa limite nan piblikasyon avi yo nan sal dijans yo, nan zòn admisyon ak enskripsyon yo, ki soti nan men manm pèsònèl Swen Finansyè Pasyan yo ki chita nan kanpis enstalasyon an, ak lòt kote piblik yo PHC te chwazi. Anplis, enfòmasyon sou pwogram asistans finansye a parèt nan tout deklarasyon faktirasyon pasyan yo voye apre yo fin detèmine pati peman endepandan an. Epitou nou bay yon rezime sou enfòmasyon sa a avèk dokiman admisyon yo nan lang senp.

PHC pibliye règleman okonplè a sou asistans finansye nan sitwèb Piedmont.org, ak yon vèsyon rezime nan bwochi yo ki disponib nan zòn enskripsyon an, osi byen ke nan lòt kote yo nan kominote a PHC sèvi.

Règleman Asistans Finansye a, Aplikasyon an pou Asistans Finansye ak Rezime a nan Lang Senp disponib nan lang prensipal tout popilasyon yo ki pa pale lang angle kòm lang prensipal yo epi sa a konstitye plis pase dis (10) pousan nan moun yo ki rete nan kominote yo PHC sèvi.

4.9 Egzijans Règlemantè yo

Lè y ap aplike règleman sa a, PHC pral konfòme avèk tout lwa federal, eta, ak lokal yo, règ ak règleman yo ki aplike bay aktivite yo fè dapre règleman sa a.

5 Ranfòsman ak Eksepsyon yo

Si yo echwe pou konfòme avèk règleman sa a, sa kapab rezilta nan aksyon disiplinè jiska ak ki gen ladan revokasyon nan travay pou anplwaye yo, oswa anilasyon kontra a oswa nan sèvis yo pou manm pèsònèl twazyèm pati, elèv oswa volontè yo.

6 Referans yo

Règleman EMTALA
Règleman yo sou Faktirasyon ak Koleksyon
Aplikasyon pou Asistans Finansyè
Fèy Kalkil pou Asistans Finansyè

7 Dokiman Sipleman tè yo

7.1 Dokiman Sipleman tè A:

Dapre règleman an sou asistans finansye, yo kapab garanti swen lopital Piedmont Healthcare yo ak doktè yo ki travay pou PHC ap bay, kadijans ak swen ki medikalman nesèsè ki soti nan men lòt pwofesyonèl swen sante yo tou.

7.2 Dokiman Sipleman tè B:

Yon lis sou klinisyen yo mete ladan oswa k ap aksepte egzijans Règleman PHC sou Asistans Finansye disponib lè ou kontakte depatman anba a. Yo pral mete lis sa a ajou de (2) fwa chak ane.

Customer Solutions Center
Piedmont Healthcare
2727 Paces Ferry Rd.
Building 2, Fifth Floor
Atlanta, GA 30339